



Januar / Nzero 2021

kirundi

## **Aho baboneye inyenyeri, baciye buzura akanyamuneza kenshi.**

(Mt 2,11)

**Kontakt:** Meinolf Wacker  
Kirchplatz 7  
59174 Kamen

**Mobil.:** +49-172-5638432  
**Mail:** [meinolf.wacker@go4peace.eu](mailto:meinolf.wacker@go4peace.eu)  
**Homepage** [www.go4peace.eu](http://www.go4peace.eu)

---

### **Va hasi ugende! Set off!**

Bakunzi b'Ijambo,

Hari umusore yari afise ubukerebutsi – mbere afise n'ivyiyumviro vyishi. Imbere yiwe hari isi n'ubuzima, yabona nka wa musore w'umumajusi yumva muri ca gihe ca Noeli, hashize imyaka 2000. Niho rero yarota abona yagiye mu bihugu vya kure, agatangura ubuzima bushasha. Atangura kwumva ubuzima arimwo butakimubumba, ukamenga ntagira isaganirizo na mba. Mu ndwi hagati hama ibikorwa n'umuruho – indwi irangiye akama yasohotse kwidagadura : kw'irigara, kuyebayeba, gutamba, kugira imisi mikuru, gukina, kunonora imitsi, kuramukanya... Ariko ivyo vyose nta munezero n'amahoro vyamuha mu mutima wiwe na gatoyi. Mu mutima wiwe yumva inyota y'ikintu gisumbirije. Yumva ikimuhutagiza. Yabwirizwa kwitanga ukuruta. Yabwirizwa gufata akayira – kugenda vyari vyamaze kumuzamwo.

Niho rero haza ikimumurikira - gisa n'inyenyeri. Araheza aronka abagendanyi babiri. Baba rero batatu, bacika „Abamajusi bo mu buseruko“. Baraheza barikebanura, bafata akayira. Barajijutse bagiha amaguru, bamurikiwe n'umuco utaboneka wo mu mutima wabo. Bakurikira inyenyeri y'ubushakashatsi bwabo. Niho rero inyuma y'urugendo rurerure runaniza, baza bashikira akana. Eka baratamariwe. Baraheza barapfukama baramusenga. Muri ico kivi bumva Imana irabakoze ku mutima. Icari ku mutima kirururuka. Buzura akanyamuneza kenshi. Ntibamusanganije urutonde rw'amashikanwa, ahubwo ishikanwa ryabo kwabaye ukwigumanira nawe. Imbonankubone, mu bwubashi, mu bugamburutsi no mu gusenga niho bigiye kumenya inyonga ziwe. Kuva ubu, Imana ntikiri icyiyumviro. Oyaaa! Mu gufata akayira bakagenda, ahubwo ni We yafashe akayira akabasanganira.

Na Christina n'uko vyamugendeye. Yarinamuye aragenda. Ahejeje amashure mato mato, bamurungitse mu Burusiya, igihugu c'amavukiro c'abavyeyi biwe. Yamaze umwaka wose muri ayo mahanga, atari azi, afise ubutwari n'ubukerebutsi, ahwana n'ingorane be n'ubukene. Niwe yivugira ati : „nararize kenshi ku mugoroba. Vyari birengeye umutima wanje. Ariko hama hari abantu iruhande yanje banyitwararika, bakandamira mu vyo nkeneye.“ Ariko arabinyagira, narabona akanyamuneza k'abamajusi mu maso yiwe. Nawe nyene yari yitsinze, arafata akayira. Niho yahavuye agashikira ico yipfuzza. None rero : „**Va hasi ugende! Set off!**“

Kubwa go4peaceTeam

Meinolf Wacker